Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 17 (7861)
24 Апрель
Хамиз 2025 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багъа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «САДОВОД»

## Туристазул сезоналде хIадурлъулаго

Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда букIана туристазул сезоналде хIадурлъиялъул ва гьеб рагьиялъул бицунеб данделъи. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал, МЧСалъул, хехаб кумекалъул ва ГО ЧСалъул вакилзаби.

Балагьиялде росун рукIана гьал хадусел суалал: Туристазе хIинкъи гьечIолъи, цIа ккеялдаса цIуниялъе тадбирал, лъел хIорахъ хIинкъи гьечIолъиялъул ва хвасар гьариялъул постал гIуцIигун машгъурал бакIазда турмаршрутал гIуцIи.

Гьединго хIисабалде росун руго гьалбадерил рукъзал хIадур рукIиналъул, х1алхьиялъул ва гIаммаб



квана- гьекъеялъул бугеб хIалалъул хал гьариял тIоритIи.

Транспорт аск1об чIезаби, нухазда хIинкъи гьечIолъи букIинаби, туристазул машрутазда хадуб хал кквей букIинабиги кIвар кьеялда гъоркье босизе бихьизабуна

ЧIезабизе ккола санитарияб рахъалда хадуб хал кквей, гьединго гIаммаб квана-гьекъеялъул бакIазда хадуб хал кквейги рикIкIана аслияблъун.

ЦIакъго кIвар кьеялда гъоркье босизе ккола:

МугIрул нухазда ва лъел объектазда экологиялъулаб хIинкъи гьечIолъи чIезаби, культурияб гIумроялда хурхарал суалал. ЧIезабизе ккола туристазда цадахъ хьвади.

Данделъиялъул хIасилазда рекъон хIисабалде росарал рахъал тIуразарулеб замана чIвезабун буго, щибаб ишалъе вихьизавун вуго жавабияв, туризмалъул хIалтIи ва сапарал кидаго к1вар кьеялда гъоркь рукIине рук1ине ккола тIубараб сезоналъго.

Гьенибго МЧСалъул вакилзабаз бихьизабуна туристазул бакIазда гьарулел ишазда хурхун кидагосеб инструктаж букIине кколин, ракIалдаго гьечIого кьезе бегьулел ишаздаса цIуниялъул мурадалда цIодорлъи букIинабизе хIажат бугин.

ГIолилал-жакъасеб гIумроялъулъе

## ХIаракатаб роль букIинабиялъе

**«Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас дандчIвай гьабула районалъул гIолилазул багъа-бачариялъул цевехъан С-А ГIабдулаевасулгун. Аслияб мурадгун дандчIваялъул букIана районалъул гIо-лилазде кьолеб кIвар камиллъизаби.**



ГI. НурмухIамадовас ва С-А. ГIабдулаевас аслияб кIвар буссинабун букIана МахIачхъалаялда гIолилазул бугеб хьвадачIвадиялде. Дандрана законияб хIалт1уда гIолилал рухьинариялъул, лъикIал гьечIел ишазде гьел ккунгутIиялъе гьаризесел тадбиразул. Суал хъатIана наркотикал тIиритIиялъул, гьелъул букIунеб зарал гIолилазда бичIчIизабиялъул рахъаздаги. Гьеб ишалда гьоркьоре ихтияр цIунулел органазул хIалтIухъаби гIахьаллъизе ккелин бихьизабуна данделъиялда.

Гьединго тIадчIей гьабуна районалда тIоритIулел тIолалго тадбиразулъ гIолеб гIелалъ хIаракатаб гIахьаллъи гьабизе ккелин,гIумроялъулъ гьезул жигараб роль борхизаби щивавасул тIадаб налъи кколин.

Ахиралда бетIерас тIадчIей гьабуна гIолилазул щибал байбихьиязе кумек кверчIвай букIине бугин, гьезда дандчIвалел захIмалъаби тIагIинариялъе цадахъаб х1алт1и гьабизе кколин. С-А. ГIабдулаевас ГI. НурмухIамадовасе баркала загьир гьабуна рагьараб, пайда ва хIасил кьолеб хIалтIиялъухъ, гIолилазул гIумро лъикIлъиялде гьес кьолеб кIваралъухъ.

## Зоналияб этапалде хIадурлъи



Унсоколо районалда байбихьана ТIолгороссиялъул рагъулгун-патриотикияб «Зарница 2.0» зоналияб хIаялде х1адурлъиялде. Гьелъул координационнияб Советалъулги ТIолгороссиялъул лъималазулгун гIолилазул «Движение первых» багъа-бачариялъул хасаб данделъи букIана гьал къоязда районалъул администрациялда.

Зоналияб этапалда гIахьаллъизе руго I3 республикаялъул муниципалитеталъул I3 команда, гьел рукIине руго кIиго рильалъул гIадамазул: II-I3 сонил ва I4-I7 сонил гIумроялъул.

- Гьаб соналда тIолабго улкаялъул бокIназда ине буго «Зарница 2.0» -рагъулгун патриотикияб хIай. Нилъер аслияб мурад буго зоналияб этап гIуцIадго иналъе кинабго гьаби ва лъималаз гьеб хIаялъулъ жидерго бажаригун унго-унголъунги лъик1ал х1асилал рихьизари,- ян абуна данделъиялда кIалъалаго бетIерасул зам М. Х1амзатовас.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 17 (7861)
Хамиз 24 Апрель
2025 сон



## Ралел бакIазул суалгун

Гьал къоязда кIвар цIикIкIараб данделъи тIобитIана районалъул администрациялда гьелъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Гьенир дандрана бакIал раялъулгун коммуналияб магIишаталда хурхарал кIвар бугел суалал.

Данделъиялда балагьана районалда рарал бакIазул бугеб хIалалъухъ, суалал хъатIана инфраструктураялда. БетIерас иш тIаде кколезул кIвар буссинабуна гьабулеб хIалтIул качество букIинабиялде, ран лъугIулеб замана цIуниялде, тIадчIей гьабуна проектал тIураялъулъ ричачалел тIаса-масаголъи лъу-гIизабиялдаги.



## ГIолеб гIел куцай-кIвар бугеб суал

# ГIолеб гIел цIуниялъул мурадалда

**27 апрелалда саназде рахинчIел лъималазулгун хIалтIи гьабиялъул комиссиялъул хасаб графикалда рекъон, лъимал ва гьезул ихтиярал ц1униялда хурхун иш тIаде кколел гIадамалги гIахьал гьарун, данделъи тIобитIана ГьаракIуни школалда. Гьенире гIахьал гьарун рукIана лъималазул эбел-эменги.**



Собрание рагьана ва ракIараразда цеве кIалъана лъай кьеялъул управлениялъул нач. М. МухIамадов, районалъул КДН ва ЗПялъул жавабияй секретарь П. МухIамадова, МВДялъул Унсоколо районалда вугев ИПДНалъул жавабияв П. ГIабасов, ГьаракIуни школалъул директор Р. МухIамадова.

Собраниялда гьоркьор лъуна:

Саназде рахинчIел лъималазе интернеталдасан бугеб хIинкъи гьукъиялъе гьаризесел тадбирал, саназде рахинчIел лъималаз такъсир гьабиялъухъ букIине бегьулеб административияблгун уголовнияб жавабчилъи, нухазда балагьал ишал ккей, лъимал гьезда гьоркьоре ккунгутIиялъе гьаризесел тадбирал, лъималаз наркотикал, никатин ва гьекъолел жал хIалтIизариялъ кьезе бегьулел хIасилал, районалъул ЦЗНалдасан хIалтIулел ва цIалулел бакIал кьезе ругел ресал.

КIалъазе рахъараз лъималазул эбел-инсуда бичIчIизабуна т1адехун бицаралда хурхун гьел цIуниялъе гьаризесел тадбиразул.



Данделъиялда гIахьаллъараз божилъи загьир гьабуна хадубккунги хъизан-рукъалъе, лъималазе кумек бугел гьединал тадбирал гIуцIи гIадатияблъун лъугьин мурадлъун бук1ине.Гьелъул кIудияб кIвар букIине буго заманаялъул квешлъабаздаса гIолеб гIел цIуниялъе.

# Данделъи ана кантIизариялгун



I6 апрелалда Майданское росдал гьоркьохъеб школалда букIана гIаммаб эбел-инсул данделъи. Гьенив кIалъана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул зам М. ХIамзатов, лъай кьеялъул отделалъул специалистал, районалъул УЗНалъул хIалтIухъаби, КДН ва ЗПялъул секретарь, «ТIоцересезул багъа бачари» ТIолгороссиялъул багъа-бачариялъул районалда вугев куратор.

Къойил темаялда рукIана лъималазул батIи-битIиял заманабазда лъайгун тарбия кьей бичунаго дандчIвалел масъалабаздасан кIвар бугел рахъал. Гьениб эбел-инсуда бичIизабуна щиб ригьалда лъималазул ва эбел-инсул жавабчилъиялъулаб заман бачIунебали, лъимал цIализариялъул ва гьезие тарбия кьеялъул рахъ бачунаго гьаризесел хIалтIаби. ЦIакъго кIвар кьуна ихтиярал хвезарулезе ругел жавабчилъиялда хурхун саназде рахинчIел лъималазул. Гьенибго тIадчIун бихьизабуна араб заманалда гьеб рахъалда хурхун ричч арал гIунгут1абазул. Гьоркьобе бачун букIана соцсетазул интернеталъул пайда босиялъул къагIидаби, гьединго ОГЕ-ЕГЭ кьей.

ДандчIваялда эбел-инсул рижарал суалазе жавабал кьуна М. ХIамзатовас, интернет намус бацIадаб гьудул кколарин лъималазе,-ян тIадчIей гьабуна гьес. Саназде рахенчIезул барщичIеб гIакълу мекъи сверизабизе рес буго гьелъ, гьезул гIумро лъангунтIиялдасан пайда босулел намус-яхI гьечIел гьинал дагьал гьечIо жакъа, гьелъ кIвар кьеялда гьоркь букIине ккола гIолев инсанасул гIумро,-ян абуна М. ХIмзатовас. Гьес жаваб кьуна рахIат хварал эбел-инсул суалазе. Гьенибго бичIизабуна «Закон лъалеб гьечIолъиялъ жавабчилъи тIаса унарин, гIолохъанлъуде рахунел гIолилазда хадуб хал ккве букIине кколин. Гьедин гьечIони тIадал органаз гьезда т1ад делаби гьарулин, гьелъул хIасилал квешал ккезе бегьулин бичIчIизабуна хадубги гьес.

ЦЗНалъул бетIерав специалист М. МухIамадгIалиевас бицана каникулазул заманаялъ лъималазе гьаризе ругел тадбиразул ва I4-I8 сон барал гIолилазе хIалтIаби кьезе рес букIиналъул.

Киналго кIалъазе рахъараз эбел-эмен ахIана школалдаса эркенаб заманаялда лъималазе рекIел гьеял гIуцIизе, гьезде кIвар кьезе, лъималазда хадуб цIодораб бер букIинабизе.

Данделъи ана гара-чIвариялъул къагIидалда, гIемерал малъа-хъваялгун ва кантIизариялгун.

# Пайдаяб куцалда



КДНалъул ва ЗПялъул хасаб графикалда рекъон Рихьуни росдал школадаги тIобитIана цIалдохъанбазулги эбел-инсулги гIаммаб собрание. Гьенир гьоркьор гIахьал гьарун рукIана саназде рахинчIел захIматал лъималазул тIалабчилъи тIаде кколел бакIазул вакилзаби. Тадбиралда гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул замал. М. ХIамзатов, Ж. Шамсудинов, ваг1за гьабулев М. Гьиматов ва цогидалги.

КIиго этап гьабун тIобитIараб данделъиялда байбихьуда лъималгун дандчIвана ОМВДялъул вакилзаби, эбел-инсул комитеталъул гIахьалчагIи.

ТIоцебесеб этапалда дандчIвай гIуцIун бук1ана Рихьуни школалъул 5-I0 классазул цIалдохъабиги данде гьарун. Гьениб тадбир гIуцIараз гара-чIвари гьабуна лъималазул эбел-инсулгун, хIисабалде росун рукIана цIакъго чара гьечIого кIвар кьезе кколел рахъал.

Дандеруссин ана чIогояб гара-чIвариялъул ахIвал-хIалалда, чара гьечIого кIвар кьезе кколел рахъалги жанире рачун, пайда кьоледухъ.

Ахихъан
Районалъул газета
№ 17 (7861)
Хамиз 24 Апрель
2025 г

3 гьумер

Садовод

Страница в номере



# Полиомиелит - серёзное заболевание

**Полиомиелит**– это высоко контагиозное (высокоинфекционное) инфекционное заболевание, вызванное полиовирусом. Полиовирус поражает центральную нервную систему, может вызвать паралич и даже смерть.



Источником инфекции является человек: больной или бессимптомный носитель.
Пути передачи – бытовой, водный, пищевой.
Естественная восприимчивость людей высокая, однако на один клинически выраженный случай приходится от 100 до 1000 бессимптомных носителей полиовируса.
Болеют дети, не привитые против полиомиелита или получившие неполный курс вакцинации против данной инфекции.

**Симптомы полиомиелита**

Инкубационный период длится 4–30 дней, наиболее часто – 6–21 день. Первые симптомы не специфичны: лихорадка, катаральные явления, усталость, головная боль, рвота, недомогание. Далее следует развитие параличей (обычно мышц конечностей). Этиотропное лечение отсутствует, однако специфическая профилактика полиомиелита (вакцинация) доступна для каждого и предотвращает возникновение заболевания при получении полного курса прививок.

В Российской Федерации иммунизация против полиомиелита проводится в соответствии с национальным календарем профилактических прививок и календарем профилактических прививок по эпидемическим показаниям вакцинами, зарегистрированными на территории Российской Федерации. Первые четыре прививки проводятся инактивированной полиовирусной вакциной, в том числе в составе многокомпонентных вакцин, две последние – оральной полиовирусной вакциной. Дети, имеющие противопоказания к применению оральной полиовирусной вакцины, прививаются только инактивированной вакциной (все 6 прививок).

В настоящее время в Москве проводится подчищающая иммунизация против полиомиелита, целью которой является охват прививками против полиомиелита детей, не привитых и не имеющих полного курса прививок.

Учитывая активные миграционные потоки иностранных и российских граждан, население Российской Федерации подвержено риску инфицирования полиомиелитом в связи с чем, Управление Роспотребнадзора по г. Москве рекомендует всем родителям, дети которых не имеют прививок против полиомиелита, сделать своему ребенку прививки в поликлиниках по месту прикрепления бесплатно.

Прививку против полиомиелита может и должен получить каждый ребенок. Полиомиелит неизлечим, но его можно предотвратить с помощью иммунизации.

# МТС установила в Дагестане первые восемь отечественных базовых станций

Цифровая экосистема МТС установила в Республике Дагестан первые восемь отечественных базовых станций, которые обеспечили сигналом 4G несколько сельских населенных пунктов.



Отечественные базовые станции, произведенные компанией «ИРТЕЯ», интегрированы в сеть МТС в разных частях Дагестана, на различных высотах в Ахвахском, Ахтынском, Казбековском, Магарамкентском, Новолакском, Сулейман-Стальском, Тарумовском, Унцукульском районах. Более 30 тысяч жителей этих территорий стали первыми пользователями отечественного мобильного интернета.

Оборудование «ИРТЕИ» установили в населенных пунктах с разной плотностью населения, чтобы технические специалисты МТС проверили работу новых базовых станций с высокой и низкой нагрузкой, а также в разных климатических условиях и высотах. Например, в селе Тад-Магитль живет около 600 человек, а в районном центре селе Ахты – более 15 тысяч.

«Большинство базовых станций уже успешно внедрены в действующую сеть сотовой связи, в нескольких точках завершается наладка оборудования. В планах по всей стране до конца года установить еще 1000 отечественных базовых станций, несколько десятков из них будут запущены на сети в Дагестане. Это позволит нам не только развивать технологический суверенитет, но и расширять зону покрытия 4G для пользователей в регионе», – прокомментировала директор МТС в Республике Дагестан Карема Изиева.

Оборудование разработано и произведено российским телеком-вендором «ИРТЕЯ», 50% акций компании принадлежит МТС. Архитектура базовых станций основана на концепции открытых стандартов Open RAN и клаудизации радиоподсистемы, когда часть функционала базовой станции обрабатывается в дата-центрах. Эти технологии позволяет внедрять оборудование в существующую сеть, построенную за десятилетия работы компании на оборудовании других производителей.

# Ответственность за чистоту: Почему выбрасывание мусора в неположенных местах недопустимо

**Выбрасывание мусора в неположенных местах является серьёзным нарушением экологических норм и правил благоустройства. Эта проблема актуальна для многих городов и посёлков, где жители нередко игнорируют специальные места для утилизации отходов, создавая несанкционированные свалки и загрязняя окружающую среду.**



Согласно статье 8.2 Кодекса об административных правонарушениях Российской Федерации, за выброс мусора в местах, не предназначенных для этого, предусмотрены достаточно строгие меры наказания. Это может повлечь за собой штрафы для физических лиц в диапазоне от 3 до 5 тысяч рублей. Для юридических лиц размер штрафа может значительно превышать эту сумму, что делает такие нарушения экономически невыгодными. Таким образом, важно понимать, что порой кажется незначительное действие, как выброс мусора на улице, может иметь серьёзные последствия.

Важно отметить, что выбрасывание мусора не только вредит экологии, но и может создавать опасность для здоровья людей. Неправильная утилизация отходов может стать причиной распространения заболеваний, появления грызунов, насекомых и других неприятностей, связанных с загрязнением территории.

Чтобы предотвратить выбрасывание мусора в неположенных местах организованы специальные места для утилизации отходов. На улицах устанавливаются мусорные контейнеры, которые располагаются в удобных для доступа местах.

Каждый человек должен осознавать свою ответственность за окружающую среду и заботиться о ней. Забота о природе начинается с мелочей – с выбора, куда выбросить мусор. Используя для этих целей предусмотренные места и контейнеры, мы можем внести свою лепту в сохранение чистоты и здоровья нашей планеты.

## Ярмарка труда «Работа России — Время возможностей»



В Унцукульском районе с. Унцукуль состоялась ярмарка по трудоустройству «Работа России «-»Время возможностей».

Мероприятие проводили в с. Унцукуль в центре занятости «Унцукульского района» по ул.М.Мустафаева 30.

В ярмарке приняли участие работодатели с Унцукульского района.

Также Всероссийскую ярмарку посетили и безработные граждане, учащиеся общеобразовательных школ , детишки детского сада , дети участников СВО и др.

В рамках события были прочитаны стихи детишками садика «Ромашка», а также показана небольшая сценка посвящённая Великой отечественной войне. Детям участников СВО и детям с садика Ромашка были вручены подарки. Кусалаев Ахмед исполнил песню с живой музыкой на пондуре.

На ярмарке выступили и.о директора ЦЗН Унцукульского района Магомедалиев Рашид Ахмедович, заместитель главы Унцукульского района Гамзатов Магомед Абдурахманович, военный комиссар «Унцукульского района» Гапуров Муслим Магомедович и председатель участников СВО филиала «Память Гор» (помощник главы Унцукульского района) Малламагомедов Шамиль Абдулаевич.

На ярмарке был представлен широкий спектр информации о текущих трендах на рынке труда, которая поможет в поиске работы с достойной оплатой.

Итогом данного мероприятия стало, что безработные граждане, ищущие работу смогли узнать о доступных вакансиях, смогли узнать о всех тонкостях работы прямо у работодателей.

Из работодателей принимали участие 16 чел., заявленных рабочих мест было 67, а предложения от работодателей получили 53 граждан.

От всего коллектива центра занятости мы благодарим всех, кто принял участие на ярмарке по трудоустройству «Работа России»-»Время возможностей».Благодарим всех, кто помог нам. Желаем чтобы безработные граждане нашли работу по душе!

Сотрудники центра занятости будут рады вам помочь для дальнейшего трудоустройства и поиска работы!

### КIудияб Бергьенлъиялъ-80 Сон

# Гвардиялъул мухъилав

**Гьаб макъалалда бицен гьабулеб бугев Гъизилюрт районалъул «Комсомолец» совхозалъул вук1арав хIалтIухъан ХIажиев Абакарил. Гьев ккола нилъер районалъул МокIсохъ росулъа.**

Рагъ байбихьараб мехалъ цогидал росуцоязго гIадин Абакарицаги солдатасул шинель ретIана. Буйнакск шагьаралъул пехотнияб училищеялде курсантлъун цIализе витIана гьев. ЦIали г1емер халат бахъинчIо. Заман иналдего гьевги гьалмагъзабигун фронталде витIана.

ТIосебесеб рагъулаб дандчIвай Абакарил ккана Белгород шагьаралда аскIоб. Рогьалил хъахIлъи лъалеб гIужалда немцазул самолетаз бомбаби рана казармаялде тIаде. Гьенив Абакар бомбадул кесек щун захIматго лъукъана. Рагъулаб госпиталда халатаб заманаялъ сах гьавун хадуб гьеб нахъеги фронталде тIад вуссана ва жиндирго полкалде вачIана.

I943 соналъул I5 сентябралда цудунаб радал гIужалъ А. ХIажиев гъорлъ вуго полкалъ Дон г1оралда аскIоб оборона ккун букIана. ГIарадабазул кутакаб кьвагьа-гIанхъиялдаса хадуб тушманасул лъелаб аскаралъ «тигразда» цадахъ гьужумалде байбихьана. Амма тушманасда позиция кквезе кIвечIо. Гьеб рагъулъ ХIажиевас бахIарчилъи бихьизабуна, цIидасанги лъукъана гьев ва «Багьадурлъиялъе гIоло» медалалъе мустахIикълъана.

Белгород, Курск, Запорожье, Тернополь, Ровно... Рагъулал нухал халатал рукIана гIолохъанав пулеметчик Абакар ХIажиевасул. I944 соналъул июналда абуни полкалъ рагъал гьарулел рукIана Варшаваялде тIаде ине. Абакарида ракIалдаса инч1о Висла гIор бахунаго ккарал рагъал. Рагъухъабаз гIорул бакъбаккун рагIаллъуда окопал рухъулел рукIана. Киназдаго бичIчIулаан гьаниб гIасияб рагъ ккезе букIин.

ХъахIлъи балеб гIужалъ нилъер десант тIад ругел лодкаби тушманас ккураб рагIаллъуде гIагарлъана. Фашистазда десантникал рихьана. ГIарадабаз гулбузул цIад базабулеб букIана. Амма десантникал къуркьулел рукIинчIо. Цоялда хадуб цоги гьабун тушманасул траншеял рахъулел рукIана. Висла гIор бахунаго бихьизабураб бахIарчилъиялъе ва бихьинчилъиялъе гIоло А. ХIажиевасе кьуна БагIараб ЦIва орден.

Ана моцIал. Тушманасул щулалъабиги тIетIезарулаго нилъер аскарал Германиялдехун ралагьун церехун унел рукIана. ГIагарлъулеб букIана гитлерилаб Германиялда тIад советияб халкъалъ бергьенлъи босулеб заман.

I945 соналъул 30 апрелалда А. ХIажиев гъорлъ вугеб полк Берлиналде жанибе лъугьана. Цо минаялъул тIохтIасан цIа базабулеб букIана тушманасул пулеметалъ. Щибго ургъичIого ХIажиев гьеб минаялъуве кIанцIун ана, цинги вахана тIохтIе ва гранатаялъ щущазавуна пулеметчик. Аскаралъе нух рагьана, Абакар абуни гьаб нухалдаги лъукъана.




Киназдаго ракIалдаса унареб 9 маялъул къоялде Абакарица дандчIвай гьабуна госпиталалда. Бергьенлъиги босун вуссана Абакар ХIажиев Дагъистаналде. Цинги байбихьана ракълилаб захIматалъул гIумроялде.

Фронталда Абакар цIар-реццалда хадув лъугьинчIо. Рагъул тIолалго захIмалъабиги ва кьогIлъиги къулчIулаго гьес намусалдалъун тIубазабуна советияб солдатасул налъи.

Цебего гIодоцана рагъул гъугъади. Долдаса нахъе, гьале, 80 сон т1убалеб буго. Амма Абакарида кидаго кIочон теч1о доб заман, ВатIаналъе гIоло рухIги кьун рагъул авлахъазда хутIарал ва рокъоре хъизамазухъе, лъудбухъе, лъималазухъе ва абуразухъе тIад руссинчIел жиндирго гьалмагъзаби.

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский
район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@
yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 24. 04. 25 г.
16. 00
фактически -17. 30 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.